

## **Tout abitan Maryland ki gen 16 lane oswa plis elijib pou vaksen COVID**

**6 Avril, 2021**

Chè Kominote Kanpis,

Pandan n ap kontinye lite kont pandemi sa, resevwa yon vaksen se yon faktè kle pou pwoteje tèt nou ak youn lòt de COVID-19.

Mwen kontan ke Gouvènè Hogan anonse ayè ke [apati jodia, 6 Avril, tout abitan Maryland ki gen 16 lane oswa plis elijib pou resevwa vaksen an sou sit kanpay vaksinasyon an mas yo](#). Anplis, a pati Lendi pwochen, 12 Avvril, tout abitan Maryland ki gen 16 lane oswa plis ap elijib pou pran yon randevou pou resevwa vaksen an nan men founisè yo.

Sa vle di ke tout **pwofesè, pèsònèl ak etidyan UMD yo nan Maryland ki gen plis pase 16 lane elijib kounya** e dwe pre-anrejistre. Opsyon ki genyen yo:

- Sit vaksinasyon an mas yo: Pre-anrejistre nan [covidvax.maryland.gov](https://www.covidvax.maryland.gov) oswa rele 1-855-MD-GOVAX. Pami sit yo gen Grennbelt Metro Station, ki sèlman a kèlke miles de kanpis la.
- Lopital, famasi, klinik ak depatman sante lokal yo: Itilize zouti leta "[Find a Vaccination Clinic Near You](#)" (Jwenn yon Klinik Vaksinasyon Toupre w) pou jwenn enfòmasyon ki pre-anrejistre sou sit ki atravè Maryland yo.

**Nou vreman ankouraje chak manm nan kominote nou an pou vaksinen pi vit ke posib.**

Direktè Sant Sante Inivèsite a Dr. Marinopoulos ap aprann ou plis sou enpòtans lè w resevwa yon vaksen: [https://www.youtube.com/watch?v=e5BSA13lfeM&feature=emb\\_err\\_woyt](https://www.youtube.com/watch?v=e5BSA13lfeM&feature=emb_err_woyt)

Jan Gouvènè Hogan te di l, "Fè plis moun vaksinen pi vit ke posib se meye defans nou kont varyant yo, epi se meye fason pou n ranpòte viktwa kont viris mòtèl sa.

Mèsi pou respè kontinyèl ou konsènan rekòmandasyon [4 Maryland](#) yo, epi tanpri ale pran vaksen an!

Sensèman,

**Darryll J. Pines**

Prezidan, Inivèsite Maryland

He/Him/His